# NHANGA NYAYA

Zvinofungidzirwa kuti Madzimai mulslam vanotorwa senhapwa, vanodzikisirwa, vanodzvanyiririrwa – asi ndizvozvo here? Zvinoreva here kuti mamiriyoni emaMuslim varipo pakudzvanyirira, kana kuti aya mafungiro asina chokwadi mukati mavo akatogadzirwavo nevatapi venyaya?

> "Uye vakadzi vane kodzero dzavo kuvarume vavo, dzakafanana nedzevarume kuvakadzi vavo..."
> Korani 2:228

Mumakore anokwana churu chimwechete nemazana mana adarika, Islam yakapa madzimai kodzero idzo dzakazotanga kuwanikwa nemadzimai enyika dzekumadokero mumakore mashomanani adarika. Mumakore ekuma 1930, Annie Besant akaongorora kuti: "Mumakore makumi maviri adarika aya chete nyika yeMakristu yeEngland yakatanga kuzadzisa kodzero dzemudzimai pahupfumi, apo Islam yakagara yakabvumira kare kodzero iyi. Kushoropodza kukuru kana zvichitaurwa kunzi Islam inoparidzira kuti madzimai havana mweya ..." (Hupenyu neDzidziso dza Muhammad, 1932)

Varume nevakadzi vose vakabva pamunhu mumwechete – Muporofita Adhamu (Rugare Ngaruve Kwaari). Naizvozvo Islam hapana chainoda kubva kunaani naani wavo kunze kwekuti vave vanoyananisana uye nekubatana zvine nyasha.

# MIBAIRO YAKAFANANA UYE NEBVUNZURUDZO YAKAFANANA

Varume nevakadzi vanoshumira Mwari (Allah) nenzira imwecheteyo, zvichireva kuti, vanonamata Mwari (Allah) zvakafanana, kuita mabasa ekushumira akafanana, kutevera magwaro mamwechete, uye vaine kutenda kumwechete. Allah (izwi rechiArabhu rinoreva Mwari Mumwechete wezvisikwa zvose) vachatonga munhu wese zvakafanana uye zvakaenzana.

> "Allah vakavimbisa vatendi vose, varume nevakadzi, mapindu ane nzizi dzinoyerera, kwavachanogara uye nedzimba dzakanaka mumapindu ehupenyu husingaperi..."
> Korani 9:72

> "Hazvimboite kuti ndibvumire kurasika kwemabasa eavo vanoshanda pakati penyu, varume kana vakadzi; vamwe venyu vakabva mune vamwe..."
> Korani 3:195

Allah vanokurudzira zvikuru kuyananisana uye kupa mubairo kune vose varume nevakadzi, mundima zhinji dzemuKorani: Ndima idzi dzinoratidza kuti mubairo uri maererano nemabasa emunhu, kwete chimiro chake. Chimiro chemunhu hachina basa pakupuwa kwemunhu mubairo kana mutongo wake.

Tikatarisa pakati pelslam nezvimwe zvitendero, tinoona kuti Islam inoyananisa pakati pevarume nevakadzi. Semufananidzo, Islam inoramba zvachose pfungwa yekupomera mhosva huru pana Evha kudarika Adhamu pakudya kwavakaita muchero usingabvumirwe. Maererano nelslam vose Adhamu naEvha vakaita chivi, vose vakaita rupinduko uye Mwari vakavaregerera vose zvavo.

# KODZERO DZAKAFANANA PAKUTSVAKA RUZIVO

Vose varume nevakadzi vanokurudzirwa zvakafanana kuti vave vanotsvaka ruzivo. Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) akataura kuti: "Dzidzo inomanikidzirwa kune muMuslim wose ..."

Zvakare, vakadzi vechiMuslim vakange vakadzidza zvikuru vakawanikwavo panguva yaMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari). Vamwe vacho vaibva kumhuri yavo, uye vamwe vacho vakange vari vadzidzi vavo kana kuti vanasikana vevadzidzi vavo. Akaita mukurumbira pakati pavo aiva Aisha, mudzimai waMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) zvichiburikidza naye kwakaparidzirwa chikamu chimwechete pazvina chemitemo yelslam

Vamwe vakadzi vakange vakadzidza zvikuru munyaya dzezve Mitemo uye vakange vainewo vadzidzi vavo vechirume vakatoitavo mukurumbira.

# KODZERO DZAKAFANANA PAKUTSVAKA MURUME KANA MUKADZI

Islam yakaremekedza zvikuru vakadzi apo yakavapa kodzero yekusarudza murume, uye kuramba vaine zita rekumhuri yavo mushure mekuroorwa. Tichiwedzera pane izvi, kune vanhu vakawanda vanofunga kuti vabereki vanomanikidzira vana vavo kuroorwa. Kana zvichiitika zviri maererano nerudzi rwevanhu, hazvimo mulslam asi kutoti zvinorambidzwa

Panguva yaMuporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) mumwe mukadzi akauya kwaari ndokuti: "baba vangu vandiroodza kumwanakomana waSekuru vangu kuti vasimudzire chinzvimbo chavo chemunharaunda, ndakamanikidzirwa kuroorwa," Muporofita akatumira munhu kundosheedza baba vemusikana uyu, naizvozvo pamberi pavo akapa mwanasikana uyu sarudzo yekuramba akaroorwa kana kuputsa roora yavo. Akapindura achiti: "Imi Mutumwa waAllah, Ini ndabvumirana nezvaitwa nababa vangu, asi ndanga ndichida kuratidza mamwe madzimai kuti havafanire kumanikidzirwa kuroorwa..."

# KUENZANA ASI PAINE KUSIYANA

Kunyange zvazvo varume nevakadzi vaine kodzero dzakaenzana semusimboti, asi kodzero dzavo nemabasa avo avakapuwa haana kufanana. Varume nevakadzi vane kodzero dzavo uye nemabasa avo. Kunyange tikaisa hedu padivi musiyano wemusikirwo wemukati nekunze, vadzidzi veSainzi vanoziva zvekare kuti kunotove neimwe misiyano iripo mumashandiro anoita pfungwa yemurume nemukadzi pakuumba mutauro, kupa hurukuro, kana kugamuchira kwezvinhu zvinoitika.

Mudzidzi weBiology yenharaunda anonzi Edward O. Wislon, weku Harvard University akataura achiti vakadzi vanoonekwa sekunge vanehushasha pakutaura, patsitsi netsiye nyoro uye nemukugarisana nevamwe, nezvimwewo, asi varume vanoonekwa sekunge vanehushasha pahumbimbindoga, hutongi, murizivo rwesvomo, mukurwira zvinzvimbo, nezvimwewo zvakadaro.

> "Uye munhurume haana kufanana nemunhukadzi..."
> Korani 3:36

> "Ko, uyo akasika haana ruzivo here? Ndiye mwene werupfave, ane ruzivo rwezvose..."
> Korani 67:14

# MHURI

Mwari vakasika murume nemukadzi kuti vave vakasiyana pamuberekerwo, hushasha uye nepamabasa. Misiyano iyi haifanire kutorwa setsigiro yekuremekedzeka kana kushoreka, asi kuti inoratidza hunyanzvi. Mulslam, mhuri ndiyo inonyanyokosha zvikuru. Murume ane basa rekutsvaga ndaramo yakanaka yemhuri nehupfumi, ukuwo mukadzi anobatsira mukuvaka ndaramo yakanaka yemhuri nekusimba kwayo, dzidzo uye nekugamuchira zvinoitika. Izvi zvino kurudzira mushandirapamwe kwete kupikisana mukuzadzisa mabasa avo ekubatsirana, mhuri dzakasimba dzinovakwa uye nezvita zvakasimbavo.

Zvakare, maererano nemanzwiro, hapana murume kana mukadzi anokwanisa kurarama hupenyu hunonakidza pasina mumwe. Allah vakatsanangudza izvi zvakanaka vachiti

> "Ivavo inguvo dzenyu, uye Imi muri nguvo dzavo..."
> Korani 2:187

Chipfeko chinopa runyaradzo, kudziyirirwa nekuchengetedzwa uye zvichiita kuti mumwe wavo aoneke zvakanaka – aya ndiyo matsanangurirwo akaitwa maererano nehukama hwemurume nemukadzi mulslam.

## RUDO NENYASHA MUHUPENYU WEVAKAROORANA

Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) akakurudzira zvakare varume kuti vave vanobata vakadzi vavo nenzira yakanaka, **"vakanaka mamuri ndeavo vanenge vari vakanaka (pakugarisana) nevakadzi vavo..."**

> "Uye kubva muzviratidzo zvake, akasika kubva mamuri vakadzi kuti mugarisane navo murunyararo, Uye vakaisa pakati penyu rudo nenyasha, Chokwadi pane izvozvo pane zviratidzo kune vanhu vanofunga..."
> **Korani 30:21**

Aisha (mukadzi waMuporofita) akabvunzwa mumwe musi maererano nezvetsika dzaMuporofita mumba mavo. Akataura achiti: "akange ari semumwe wenyu mumba make, asi akange aine rupfave rwakanyanya uye nemapereke ... Akange ari munhu aibatsira zvikuru vakadzi vake mumabasa anozivikanwa emumba, aizvisonera nguvo dzake, uye neshangu dzake..." Tinongoti aibatsira mumabasa ose aiitwa nevakadzi vake.

## ZVINZVIMBO ZVINOREMEKEDZEKA ZVEMUKADZI SAAMAI UYE SEMWANASIKANA

Amai vane kurudziro huru kumwana kunyanya achiri mudiki zvichiburikidza nerudo rwavo uye nekurera kwavo. Pasina kupikisana, budiriro yechita iri mumaoko mevanamai. Naizvozvo, zvinova zvakarurama kulslam kuti ive inoremekedza nekusimudzira chinzvimbo chavo.

Allah vanotaura vachiti:

> "Takaraira munhu kuti ave anoita zvakanaka uye nekuremekedza vabereki vake, akatakurwa mumimba namai vake vachitambura, uye vakamuzvara vachitambura..."
> **Korani 46:15**

Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) vakabvunzwa mumwe musi: "Imi Mutumwa waAllah, ndiani pakati pevanhu wandinofanira kuitira zvakanaka? Akadaira achiti, "Amai vako." Murume uya akabvunza zvakare kaviri achiti, "Mumwe ndiani?" iye aingopiwa mhinduro imwecheteyo.

Paakazobvunza kechina ndopakapindura Muporofita achiti, "Mumwe ndiBaba vako..."

**Mubairo haungopiwa chete kana uchinge waita zvakanaka nerupfave kunanamai. Islam yakatosarudza kare mubairo uri wega wekukwanisa kuriritira mwanasikana, uyo usina kubvira wakapuwa pakuriritira mwanakomana.**

**Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) akataura achiti: "Kune uyo anopuwa vanasikana vaviri, ova nerupfave kwavari, vachava chikonzero chokupinda kwake kuParadhiso..."**

## MHEDZISIRO

**Islam isati yavepo, vakadzi vaitorwa sechinhu chinonyadza zvikuru, vanasikana vaitovigwa mumarinda vari vapenyu, chipfambi chakange chakatekeshera, murume chete ndiye akange aine simba rekuramba mukadzi, nhaka yaigarwa nevaive nemasimba chete, uyewo hudzvanyiriri hwakange hwakatekesherawo.**

**Islam yakauya ikabvisa mabasa akaipa ose aya. Kunyange ikozvino "munyika dzakabudirira", vakadzi havapiwe ruremekedzo uye nezvinzvimbo, kunyange kutambira muripo wakafanana nevamwe ivo vaine basa rakafanana. Naizvozvo Islam inotora madzimai sendarama uye vachikosha, havafanire kusaremekedzwa kana kusava nerupfave kwavari. Kusabatwa zvakanaka kwevakadzi kuri kuitwa mune dzimwe nyika dziri kumabvazuva, kana kuti mune dzimwe mhuri dzema Muslim, kuno konzereswa nemagamuchidzanwa anoteverwa nemamwe maMuslim zvisina kururama, kwete nokuda kwelslam. Chii chakaita kuti vakadzi vazhinji pasi rino vapinde mulslam nekuda kwavo kana chiri chitendero chehudzvanyiriri?**

**Tinopedzisira nemashoko aTenzi wedu uye Tenzi wenyu, Musiki uye Muraramisi wevose varume nevakadzi:**

"Zvirokwazvo varume vakagashira nevakadzi vakagashira, varume vatsvene nevakadzi vatsvene, varume vanoteerera nevakadzi vanoteerera, varume vechokwadi nevakadzi vechokwadi, varume vanotsungirira nevakadzi vanotsungirira, varume vanozvideredza nevakadzi vanozvideredza ... Allah akavagadzirira ruregerero uye nemubairo wakakura..."

**Korani 33:35**

***For more Islamic materials***

*Live chat and more:* ***www.islamtomorrow.com/***
*Many Islamic videos online:* ***www.thedeenshow.com***
*Free Islamic online books:* ***www.islamic-invitation.com/***
*Free of charge Islamic books:* ***www.islamic–message.net/cims/default.aspx***
***AHLAN : www.ahlan-group.com***
***www.facebook.com/Ahlan.Explore***



# KODZERO **DZEVAKADZI** MU ISLAM

**KUREMEKEDZWA**

**KUSIMUDZIRWA**

**KUKOSHESWA**


Conveying Islamic Message Society
P.o.Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail:info_en@islamic-message.net
E-mail:cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net

Not for sale يهدى ولا يباع

المرأة في الأسلام
باللغة الشونا